

## KISA DESTINASYON 2050 LAN YE?

Destinasyon 2050 lan se plan transpò alontèm Òganizasyon Planifikasyon Metwopolitèn (MPO: Metropolitan Planning Organization) Rejyon Boston nan—yon plan ki defini vizyon, bi ak objektif pou planifikasyon transpò nan rejyon Boston nan pou de pwochen deseni yo. Lè l itilize previzyon finansman federal yo, Destinasyon 2050 lan priyore depans sou pwojè transpò, pwogram investisman ak etid planifikasyon yo pou abòde bezwen mobilite ki la deja ak sa yo prevwa yo.

## KOUNYE A NOU VLE TANDE VWA OU!

Bouyon Destinasyon 2050 lan disponib pou kòmantè piblik la e nou vle tande kòmantè ou! Revize plan an anliy pou aprann plis sou [bostonmpo.org/lrtp](http://bostonmpo.org/lrtp).

SOUWÈT YON KÒMANTÈ

Pibliye yon kòmantè nan fòmilè kòmantè Destinasyon 2050 lan nan [bostonmpo.org/contact](http://bostonmpo.org/contact).



RETE ENFÒME

Enskri nan lis imel MPO a epi swiv nou sou Twitter nan [@BostonRegionMPO](https://twitter.com/BostonRegionMPO).

VIZITE TAB NOU AN

Staf MPO a ap patisipe nan divès aktivite sansibilizasyon. Chèche [@BostonRegionMPO](https://twitter.com/BostonRegionMPO) sou Twitter ak kalandriye rankont MPO a pou jwenn yon aktivite ki bon pou ou.



ENVITE NOU

Kontakte nou sou [publicinfo@ctps.org](mailto:publicinfo@ctps.org) si ou ta renmen pou staf MPO a visite oubyen patisipe nan yon rankont.



Pou aprann plis sou MPO Rejyon Boston nan, vizite sitwèb nou an nan [bostonmpo.org](http://bostonmpo.org).

# destination 2050

KREYÒL AYISYEN



Foto: Bluebikes

# KIJAN MPO A DEVLOPE DESTINASYON 2050 LAN?

## EVALYASYON BEZWEN YO

Staf MPO a fè yon Evalyasyon Bezwen pou egzamine

- kijan moun deplase;
- kondisyon enstalasyon transpò yo;
- entèraksyon sistèm transpò rejyon an ak anviwònman natirèl ak sa ki konstui a; ak
- bezwen transpò alavni rejyon an.

## KONTRIBISYON PIBLIK

Atravè sansibilizasyon piblik fizik ak anliy, nou poze moun yo kesyon sou bezwen transpò yo epi chèche kontribisyon sou objektif, pwojè ak pwogram MPO a pwopoze yo. Bezwen moun ki gen enterè yo fòme vizyon MPO a.

## VIZYON

Òganizasyon Planifikasyon Metwopolitèn Rejyon Boston an anvizaje yon sistèm transpò rejyonal ki ekkitab, san polisyon, epi modèn ki mennen moun yo ale nan destinasyon yo an sekirite, fasil, ak fyab, epi ki sipòte yon rejyon Boston enklizif, fleksib, an sante, epi ki ekonomikman vibran.

## PLAN DEVLOPMAN

Lè n konbine analiz yo ak kontribisyon piblik la, MPO a te devlope yon plan ki sèvi kòm dokiman gid pou investisman transpò kowòdone yo nan rejyon Boston nan. *Destinasyon 2050 lan* mete aksan sou mentnans ak rezistans sistèm transpò a, ki genyen ladan l pwojè ki sipòte enfrastrikti pou bisiklèt, pyeton ak sikilasyon, ansanm ak gwo amelyorasyon wout.

## KI OBJEKTIF DESTINASYON 2050 LAN?



EKITE



SEKIRITE



MOBILITE AK FYABILITE



AKSÈ AK KONEKSYON



REZILYANS



LÈ PWÒP AK KOMINOTE KI AN SANTE

## KI KALITE PWOJÈ AK PWOGRAM ENVESTISMAN DESTINASYON 2050 LAN FINANSE?



### AMELYORASYON ENTÈSEKSYON

Modènize siyalizasyon ki la deja yo

Rakousi kafou yo pou pyeton yo

Amelyore twotwa yo



### TRANSFÒMASYON TRANSPÒ PIBLIK

Amelyore estasyon yo

Konstwi asansè

Konstwi pou rezilyans klimatik



### GWO ENFRASTRIKTI

Pwolonje liy chemen fè yo

Amelyore estasyon yo

Konstwi pwojè Ri Konplè a gran echèl



### SIPÒ BISIKLÈT KI AN SÈVIS LIB

Elaji sistèm bisiklèt rejyonal

Ranplase oswa amelyore estasyon ki egziste deja yo



### FINI RI YO

Kreye twotwa ki kontini

Enstale vwa pou bisiklèt ak pis

Konstwi vwa ki rezève pou bis ak amelyorasyon nan wout ki asosye yo



### KONEKSYON KOMINOTÈ

Mete anplis koneksyon premye ak dènye kilomèt

Ogmante paking machin ak bekan toupre estasyon transpò an komen yo

Enstale siyalizasyon ak lòt siy oryantasyon



### REZO BISIKLÈT AK KONEKSYON PYETON

Devlope rezo bisiklèt la

Kreye nouvo wout izaj pataje

Mete anplis amelyorasyon ki apeze trafik yo